


Pote Kat Medicare Ou Lè W ap Pran Vaksen COVID-19 Ou a



- Medicare kouvri vaksen maladi kowonavirus 2019 (COVID-19) ak administrasyon vaksen an san ou pa peye anyen. Sonje pote kat Medicare **wouj**, **blan** ak **ble** w la, menm si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage—founisè w la ap bezwen Nimewo Medicare w la pou voye bòdwo bay Medicare.
- Si ou bezwen ranplase kat Medicare w la, konekte sou (oswa kreye) kont sekirize w la sou Medicare.gov pou enprime yon kopi ofisyèl.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou kat Medicare w la ak kenbe enfòmasyon w yo an sekirite, ale sou Medicare.gov/forms-help-resources/your-medicare-card.

